

18 out 2020

Chè kominote REC:

Mèsi pou angajman w pou kolabore nan sante ak sekirite elèv ak estaf nou yo. Pandan COVID-19 kontinye ap chanje Vil Nouyòk ak kominote lekòl nou an rapidman, nou ta renmen pran opòtinite sa a pou pataje avèk ou kèk nouvo enfòmasyon ki gen rapò avèk sa:

Kòm repons pou kantite pousantaj transmisyon COVID-19 ki ogmante nan kèk eta nan Etazini ak pou pwoteje kontwòl COVID-19 Vil Nouyòk reyisi fè a, eta Nouyòk mete ansanm avèk New Jersey ak Connecticut pou mete yon avi deyò pou tout moun k ap retounen soti nan vwayaj nan lòt [eta ki gen yon degre kontaminasyon COVID-19 konsiderab nan kominote yo](#).<sup>1</sup> Avi sou vwayaj la te vin efektif apati jedi 25 jen 2020. Si w te vwayaje nan youn nan [eta nou idantifye yo](#)<sup>2</sup> ki gen gwo nivo kontaminasyon nan kominote yo, ou dwe rete nan karantèn lè w rantre Nouyòk pou 14 jou apati dènye jou vwayaj ou nan eta sa a, depi nan dat ou rantre Nouyòk la eta sa a te ranpli kondisyon ki egzije karantèn sa a. Timoun, estaf ak paran/moun k ap bay swen ki oblije rete nan karantèn p ap gen otorizasyon pou ale oswa rantre nan okenn lokal REC pou tout tan karantèn lan ap dire a.

- Kondisyon pou avi sou vwayaj la pa aplike pou okenn moun ki pase nan eta yo idantifye yo pou yon tan limite (sa vle di pi piti pase 24èdtan) pandan vwayaj la.
- Egzanp pasaj kout sa a se kanpe kote moun nan machin, otobis ak/oswa tren pran; oswa eskal pou moun k ap vwaye nan avyon, nan otobis oswa tren.
- Avi vwayaj la egzije tout moun k ap viv Nouyòk, ansanm ak sa yo k ap vizite ki soti nan lòt eta, pou pran responsablite pèsònèl pou respekte avi a nan pi bon enterè sante ak sekirite piblik.

Si w gen kesyon sou avi pou vwayaj la, gade gid la [la a](#).<sup>3</sup> Dapre rekòmandasyon [CDC](#), moun ki te vwayaje sou plan entènasyonal nan espas 14 jou dwe rete an karantèn tou.<sup>4</sup>

Nou ta renmen tou fè w sonje enpòtans pou kouvri vizaj ou pandan ou nan lokal REC yo. Tanpri gade [link](#) sa a pou jwenn gid la.<sup>5</sup> Anplis, Biwo Majistra a ki rele Office of ThriveNYC pibliye nouvo gid sa a: [Gid COVID-19 pou resous sante mantal pou timoun, adolesan ak jèn adilt](#).<sup>6</sup> Gid sa a gen resous sou sante mantal ak sipò timoun, adolesan ak jèn adilt, adilt ak paran/moun k ap bay swen yo ka itilize.

N ap fè w sonje, n ap kontinye pran prekosyon sa yo nan REC yo:

- Dezenfekte chak REC chak jou dapre gid Depatman sante eta Nouyòk (New York State Department of Health).
- Kenbe omwen yon distans sosyal sis pye ant tout moun (elèv ak estaf), jan gid CDC yo mande l.
- Nou mande paran yo pou siveye sante pitit yo chak maten pou asire yo pa gen lafyèv, tous, respirasyon kout oswa gòj fè mal avan yo rive nan sant yo.
- Nou egzamine chak moun ki nan REC la oswa k ap travay ladan pou wè si yo pa gen sentòm COVID-19 tankou tcheke tanperati epi se sèlman moun ki pa gen sentòm ki otorize rantre.
- Estaf oswa elèv ki vin malad dwe rete lakay epi yo pa ka ale nan sant lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sentòm yo, pou swiv sante w ak sa pou fè si w malad, ale sou [nyc.gov/coronavirus](#) epi chèche "Novel Coronavirus Outbreak Factsheet."

Pa gen anyen ki pi enpòtan pase sante ak sekirite kominote nou an, epi nou di w mèsi pou sipò w.

Avèk respè,  
Depatman Edikasyon NYC

<sup>1</sup> Link pou avi sou vwayaj eta Nouyòk akòz COVID-19 <https://coronavirus.health.ny.gov/covid-19-travel-advisory>

<sup>2</sup> Link eta ki gen restriksyon pou rantre Nouyòk: <https://coronavirus.health.ny.gov/covid-19-travel-advisory>

<sup>3</sup> Link pou gid paenterim eta Nouyòk pou restriksyon sou karantèn pou vwayajè ki rive nan eta Nouyòk apre yo te vwayaje nan lòt eta: [https://coronavirus.health.ny.gov/system/files/documents/2020/06/interimguidance\\_traveladvisory.pdf](https://coronavirus.health.ny.gov/system/files/documents/2020/06/interimguidance_traveladvisory.pdf)

<sup>4</sup> Link pou CDC Apre w soti nan vwayaj: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/travelers/after-travel-precautions.html>

<sup>5</sup> Link NYC pou kouvri vizaj akòz COVID-19 – kesyon moun poze souvan: <https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/imm/covid-19-face-covering-faq.pdf>

<sup>6</sup> Link pou Gid COVID-19 NYC pou resous sante mantal pou timoun, adolesan ak jèn adilt: <https://thrivenyc.cityofnewyork.us/wp-content/uploads/2020/06/062920-YouthServicesGuide-Mobile-1-1.pdf>